# Н.Н.МИКЛУХО-МАКЛАЙДЫҢ ЭТНОГЕОГРАФИЯ ИЛИМИНДЕГИ ӨЗИНЕ ТӘН ЖОЛЫ

**Утепова Г.Б.,**
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты доценти г.и.к.*

**Турдымуратова А.,**
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*
*3-курс студенти*

**Амидуллаев Б.**
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*
*3-курс студенти*

**DOI:** ***https://doi.org/10.5281/zenodo.15170483***

Николай Николаевич Миклухо-Маклай белгили рус саяхатшысы, этнограф, антрополог, биолог ҳәм географ илимпаз болып, Қубла-шығыс Азия, Австралия ҳәм Океанияның жергиликли халқын яғный Жаңа Гвинея атаўындағы папуаслар турмысын терең үйренген илимпаз есапланади. Миклухо-Маклай 160 дан аслам илмий шығармаларды жазған. Расалар арасындағы өз-ара кери пикирлерге қарсы гурескен, өз изертлеўлеринде барлық раса ўакиллериниң ақыл, ой, зейин дәрежеси бирдей екенлигин илимий дәлиллеп берген.

Н.Н. Миклухо-Маклай 1846-жыл 5-июлда Новгород губерниясының Боровичи қаласына жақын жердеги Рождественское аўылында туўылған. Дәслеп Петербургдағы мектепте, соң гимназияда оқыған. Миклухо-Маклай 1863-жылда 17 жасында Петербург университетиниң физика-математика факультетиниң тәбиий пәнлер бөлимине “еркин тыңлаўшы” сыпатында қабылланған. Ол оқыў орныың тәртип-қағыйдаларына бойсынбағанлығы ушын бир жылдан кейин оны студентлери қатарынан шығарады. Буннан кейин Миклухо-Маклай оқыўды даўам еттириў ушын шет елге кетеди. Дәслеп еки жыл даўамында Германияның Хейделберг университетинде физиклер, тәбияттаныўшылар, ҳуқуктаныў ҳәм философлардың лекцияларын тыңлаған. Соң Лейпсиг университетиниң медицина факультетинде анатомияны уйренди ҳәм бир ўақыттың өзинде тәбиий пәнлер факультетиндеги лекцияларға актив қатнасады. Әсиресе, сол дәўирдиң белгили зоолог ҳәм эколог илимпазы Эрнест Геккелдиң илимий изертлеў жумыслары Миклухо-Маклайдың илимий жолына күшли тәсир көрсеткен деп айтыў мумкин.

Тәбиий-тарийхый тараўдағы билим алыў процессин тамамлаған Миклухо-Маклай тиришиликтиң келип шығыўы, турлердиң раўажланыўы, органикалық дүньяның эволюциясы сыяқлы улкен көлемдеги илимий машқалалар менен

шуғылланыўды режелестирген. Ол 1866-жылы Эрнест Геккел менен бирге Канар атаўларына өзиниң биринщы саяхатын әмелге асырған. 1869-жылда Қызыл теңизге саяхат еткен Миклухо-Маклай жуда бай ҳәм қымбатлы илимий материаллар жыйнаўға еристи. Жергиликли халықтан өзин қорғаў ушын Миклухо-Маклай араблар кийимин кийип жергиликли тил ҳәм ислам дининиң айрым қағыйдаларын өзлестиреди. Буннан кейин саяхатшы Константинополға (ҳәзирги Станбул) ҳәм бул жерден Одессаға жол алып, Қрымның қубла жағалаўлары ҳәм Волга дәрьясының төменги бөлимлеринде изертлеў жумысларын алып барады. 1869-жылы Москвада болып өткен рус тәбияттаныўшылары ҳәм медицина хызметкерлериниң II съездинде географиялық, зоологиялық ҳәм биологиялық станциялар шөлкемлестириў усынысы менен шығады ҳәм оның усынысы қоллап қуўатланған. Бир қанша ўақыт өткеннен кейин, Қара теңиз, Каспий теңизи, Ақ теңиз ҳәм Балтик теңизлери ҳәмде Волга дәрьясы бойынша биринши станциялар шөлкемлестирилген.

Миклухо-Маклай көлемлирек аймақларды изертлеў ушын Тыныш океаны атаўларына саяхат етиў ҳәм алғашқы адамлар турмыс тәризи, характери ҳәм ақылый дәрежесин үйрениў юойынша илимий жобалар дүзеди. Бул жобаны әмелге асырыў мақсетинде ол 1870-жылдың 27-октябринде “Витяз” атлы рус кемесинде Жер шары бойлап саяхатқа шығады. Кеме жөнелисиниң Қубла Америка материгиниң қубласындағи Магеллан буғазы арқалы өтиўи Миклухо-Маклайға Атлантика ҳәм Тыныш океанларының ҳәр қыйлы бөлимлеринде илимий изертлеўлер жумысларын алып барыўға мүмкиншилик жаратады. 1871-жыл сентябрьде Миклухо-Маклай улыўма майданы 785мың км$^2$ болған Жаңа Гвинея атаўының арқа-шығыс жағаларындағы Астролёбия ноқатына келип қасындағы еки жолдасы менен усы жерде жасай баслаған. Илимпаз биринши болып келген бул жағалаўлар рус тилиндеги дереклерде “Маклай қурғақлығы” деп аталған. Миклухо-Маклай Жаңа Гвинеяның жергиликли халқы болған папуаслар тәрепинен унамсыз күтип алынған. Бирақ көп ўақыт өтпей папуаслар саяхатшы менен жақын қарым - қатнаста болады. Папуаслар 1872-жылдың декабр айында Миклухо-Маклайды алып кетиўге келген рус кемеси капитанына саяхатшының усы атаўда жасап қалыўын соранған. Ҳәттеки, оған жаңа уй берип, өзи қәлеген папуас қызына уйлендириўге сөз берген. Бирақ саяхатшы бул жерге әлбетте қайтып келиўге сөз берип өз ўатанына қайтып кетеди. Миклухо-Маклайдың папуасларға болған жақсы қарым қатнасығы жергиликли аборигенлерди таң қалдырған ҳәм олар саяхатшыны өзлериниң тилинде “каарам-тамо” - “Айдан келген адам” деп атаған. Папуаслар илимпаздың

фамилиясы - Миклухоны айтыўға қыйналғаны ушын өз тилине ийкемлестирип “Маклай” деп атаған. Илимпаздың папуасларға болған шексиз ҳүрмети себепли өз фамилиясына бул қосымтаны қосып айтқан. Миклухо-Маклай Жаңа Гвинеяға бес мәрте саяхат еткен. 1879-1880 жылларда Миклухо - Маклай Меланезия ҳәм Жаңа Каледония атаўларына экспедиция шөлкемлестиреди. Ол әсиресе расаларға болған қарым-қатнас яғный ***апартеид*** сиясатына салмақлы үлес қосты. Апартеид, апартхейд термининиң мәниси (африкаанс тилинде - өз алдына, бөлек жасаў)- расалық кемситиўдиң ең қорқынышлы көриниси. Әсирлер даўамында расалық кемситиўлерге қарсы гүрес алып барылған. Ҳәзирги ўақытта да халықаралық ҳуқуқ апартеидди инсаниятқа қарсы жынаят деп есаплайды. 1973-жылда БМШ тәрепинен апартеид жынаятларының алдын алыў ҳәм жазалаў туўралы халықаралық конвенция қабыл етилди. Расалардың кемситиўине жол қоймаў бойынша бир қатар илимпазлар илимий изертлеў жумысларын алып барды. Әсиресе, уллы рус илимпазы, Н.Н.Миклухо-Маклай 1871-жылда Папуа-Жаңа Гвинея атаўына экспедициялары жуўмағына тийкарланып, ол барлық расалардың тең ҳуқықлылығын, сайланды расалардың жоқ екенлигин дәлилледи ҳәм қара расаның кемситилиўине қарсы соққы берди ҳәм барлық расалардың теңлигин әмелий жақтан дәлиллеп берди.

Н.Н.Миклухо-Маклай 1887-жылдың ақырында Петербургқа қайтып келеди. Саяхатшы 42 жасында 1888-жылдың 14-апрель сәнесинде дуньядан өтеди. Оның саяхатлары даўамында жазған кунделиклери география, этнография, антропология, зоология, биология ҳәм басқада бир қатар пәнлерге өзиниң салмақлы үлесин қосқан. Илимпазды елеге шекем Папуа-Жаңа Гвинея мәмлекетинде хурмет пенен еске алады. Бул мәмлекеттеги Маклай қурғақлығынан тысқары Маданге қаласында Миклухо-Маклай көшеси бар. Уллы илимпаз ҳәм саяхатшының 150 жыллығы мунасебети менен БМШ ниң илим, пән ҳәм мәденият ислери бойынша шөлкеми (ЮНЕСКО) 1996-жылда Миклухо-Маклайды “Дунья пуқарасы” деп жариялайды. Усы жылы Сидней университетинде ҳәм 2011-жылда Индонезия пайтахты Жакарта қаласында Миклухо-Маклайдың мүсини орнатылады. Илимпаздың аты Россия, Украина ҳәм басқа коплеген мәмлекетлердеги географиялық обьектлерге берилген. Миклухо-Маклайдың туўылған куни «5-июль» путкил дүнья жүзинде этнографлардың кәсиплик байрамы ретинде белгиленеди.

Миклухо-Маклай тек илимпаз сыпатында ғана емес, ол шексиз инсаный пазийлетлери менен пүткил инсаниятқа өрнек болды. Дуньяда хеш бир инсан бир-биринен артық ямаса кем емеслигин дәлилеп берген Н.Н.Миклухо- Маклай инсанийлықтың тымсалы болып қала береди.